ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГЭ ХЕКІЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№99 (21.507) ● 2009 гъэм накъыгъэм (майм) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Кризисым пэщІэтынымкІэ

● Дыгъуасэ

щІыналъэхэм щыэзфІагъэкІхэм тепсэлъыхьащ
Ищэ федеральнэ хэгъуэгум и комиссэр

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Ищэ федеральнэ хэгъэгум щыІэ Устинов Владимир Москва щригъэжІуэкІащ ЮФО-м щыІэ социально-экономикэ щытыкІэр егъэфІэкІуэным теухуа зэІуэІ. Абы хэтащ КъБР-м и Президент **Кьанокьуэ Арсен.**

Урысей Ищэм хьыхь субъектхэм я Іэтащхьэхэр тепсэлъыхьащ кризисым пэщІэтынымкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм кьрикІуэхэм, щІыналъэхэм я гъэщІагъэкІуэ органхэм къащтэ бюджетхэр зэрыдзэхуагъэкІуэжьым. Доклад нэхьыщхьэр зэІуэІщ щищІащ Урысей Федерацэм финансхэмкІэ и министрым и къудэгъэ **Силуанов Антон.**

Дыгъэрыщыгъуазэщи, Къзбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Ищэм кризисым пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэхэр нэхь пасэу щыщІадзауэ езыгъэжьауэ щыщІ. Кьащтэмэ, республикэм щыІэ хьэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ хиубыдэ ІэнатІэхэм инвестицэ проектхэр гъэзэщІным пыщІауэ къыщыгъэсэбэп ахьшэм проценткІэ щхьэщатыкІым щыщ Іыхьэ хуапшим, абыхэм я объектхэр электросетхэм зэрыхупащІэм трагъэкІуадэ ахьшэр иратыж. ХьэрычэтыщІэхэм щыщыгъуэ налог зэрыратлъхьэ нэхь къызэрыгуэкІ хабзэр къэзыгъэсэбэпхэм налог стакэор процент 15-м щегъэжьауэ процентн 10-м нэсу хуагъэмэщІащ. Хьэрычэт Іуэху мыиным знужьымыкІэ муниципиалнэ фондхэмрэ кредит кооперативхэмрэ щІыхьуэхэр щІэгъэхуэбжьауэ ягъуэш. Кризисым пэщІэтынымкІэ къызэрагъэпэщащ штабым тхьэмахуэ кьэс кьепщытэ КъБР-м и экономикэм и щытыкІэр.

Финанс Іуэхуэр зэрызэІыхьам щхьэкІэ къэмынэу, КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкІэ и агентствэр къагъэсэбэпурэ, республикэм и властхэм проект нэхьыщхьэхэр гъэзэщІным текІуэдэну щыІэ Іыхьэ хальхь. А псоми я фІыщІэкІэ КъБР-м щІыхуэр куэду я ІэнатІэхэм щыІуагъэкІыркъым. Республикэм къыщыщтащ 2009 гъэм щІыхуэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ программэ хэха. Абы ипкъ иткІэ, лэжьапІэншэхэм ящыщу щІыхь мин 13-м хэхъуэ къащыІэрыхьэн ІэнатІэхэр къыхуэзрагъэпэщынуц: щІыхь мини 9,4-рэ пщІэкІэ ирагъэкІуэкІ жьыгагъэ лэжьыгъэхэм хэтынуц, экономикэр мы зэманым нэхъ зыхуэныкъуэ Іэщ Іагъэхэм лэжьапІэншэхэм ящыщу щІыхь мини 2,5-м нэблагъэ хурагъэджэжьынуц. ЛэжьапІэншэу зэрыщыгъэм кьыхэкІыу ахьшэ зратынуцэр щІыхь мин 36,9-м нэсынуц.

● Хьэбар гуапэхэр

Республикэм и ныпыр Джомолунгмэ щхьэщытщ



Ольмезов Абдул-Хьэлим

Дуней псом и нэхъ лъапІэ дыдэ Джомолунгмэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу япэ дыдэу дэкІащ ди лъахэгъу Ольмезов Абдул-Хьэлим. КъБР-мрэ Урысей МЧС-мрэ я ныпхэр абы накъыгъэм и 19-м метр 8848-рэ зи лъагагъ бгыщхьэм щигъэуващ. Джомолунгмэ къыщехьыжьым, метр 7900 лагъым тету, ди лъахэгъэр Налшык къэпсэльащ.

ОЛЬМЕЗОВЫР Джомолунгмэ дэкІащ Санкт-Петербург щыщ альпинистищым ящІыгъуу. Илъэс 52-рэ зи ныжьэ ди лъахэгъэр Іуащхьэмахуэ куэйм хьыхь Терскол жьыгагъэм щопсэу, Урысей МЧС-м и къэзылъыхьуэ-кьегъэлакІуэ гупу а районым щыІэм илъэс 25-м щІигъуауэ щолажьэ. Абдул-Хьэлим кьегъэлакІуэ Іуэхугъэуэгу зыхэтар 500-м щІегъу, Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ куэдрэ дэкІащ икІи абы нэхъ псынщІэу дэкІуейныкІэ дунейпсо рекорд игъэуващ. Апхуэдэуи ар нэсащ Алтайрэ Гималайэмрэ я бгыщхьэхэм. Ольмезовыр альпинизмэмкІэ Урысей чемпионатхэм мызэ-мытІэу хэтащ. АльпинизмэмкІэ япэ спорт разрядэ иІэщ.

Джомолунгмэ дэкІыу и хьуэпсапІэр зыІэригъэхьэныжьКІэ ди лъахэгъэм мыпхуэкІэ щІэгъэкъуэн кьыхуэхъуащ Санкт-Петербург щыщ и ныбжьэгъухэр.

Ди республикэм щыпсэухэм ящыщу япэу Джомолунгмэ дэкІа, Іуащхьэмахуэ лъапІэ щыщ кьегъэлакІуэ Ольмезов Абдул-Хьэлим гуфІэгъэныкъо нобэ Тырныауэ щрагъэблагъэжьинущ. Іуащхьэмахуэ куейм и администрацэм и Іэтащхьэ Соттаев Къурмэн кьызэрыджиІамкІэ, бгыщхьэм дэкІар кьеГъэблагъэжьнымкІэ комитетым хэтхэр Москва къикІыж я лъахэгъэм Минеральные Воды аэропортым щыІуэнущ, адэкІэ Тырныауэ драшеижьнущ. Абы щекІуэкІынущ лІыхъужьыр щагъэпэпІэну гуфІэгъуэ зэхьыхэ, концерт.

УАРДЭ Жантинэ.

ЦІэ лъапІэр кьыхуагъэфащэ

УАСЭХЭМКІЭ Федеральнэ Іуэхущ Іапі эм и унафэкІэ, уасэхэр зэрывныныжьэ тарифхэр убзыхьымкІэ органхэм щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ щІэ лъапІэр кьыхуагъэфащ. КъБР-м тарифхэмкІэ и унафэщІ **Уэлджыр Жырасльэн**, Урысей Федерацэм тарифхэмкІэ и Федеральнэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Новиков Сергей Уэлджырым фІыщІэ хуищІри, кьыхуагъэфэщэ дамыгъэр кьритыжащ.

Ядер Іэщэ зимыІэм сытыр и махуэ?!

КНДР-м вэсмахуэ аргуэру ракетэ иутІыпщащ.

Апхуэдэ хьыбарыр къет Корее Ищхьэрэм и правительствэм.

КНДР-м и къуэкІыпІэ гуэнапкъэм килотонн 20 зи гуащІагъ ядер кьэхуэзныгъэхэр щрагъэжІуэкІащ икІи, Сеул хьыбар кьызэриттымкІэ, Мусуданрэ Вонсанрэ ракетиш щаутыпщащ. Корее Ищхьэм ар иригъэкьыжьмкІи икІи и гъунэгъум и кьаругъэгъэпсыгъуэ кьыпытащ.

Ныбжьэгъугъэм и хьэтыркІэ

Урысейм Армениям доллар мелуан 500 щІыхьуэ иритынущ.

- Урысеймрэ Армениемрэ зэгурыІуащ ди кьэралым доллар мелуан 500 щІыхьуэ илъэс 15-кІэ абы иІыгъыну иритыну. Мы тхьэмахуэм ахьшэр Армениям иэсынущ, - жеІэ УФ-м финансхэмкІэ и министр Кудрин Рэксей.

КьэралыгъуитІыр зэрызэгурыІуам апхуэдэу кьыщыгъэлъэгъуащ а бжьгъэм и процентн 3-р, щІыхьэм химыфІыдзу, дунейпсо кризисыр икІыху Армением зриужьыну, кьигъэсбэпыну зэрыритыр.

«Щхьэхэр» зэгурыІуэркъым

Дунейпсо кризисым пэщІэтыным теухуа ООН-м ригъэкІуэкІыну зэІуэІщэ ягъэІэпэхьуэ зэпытщ.

Накьыгъэм и 24-26-хэм екІуэкІын хуея зэІуэІщэ щІыщымыІам щхьэусыгъуэ хуэхьуар абы хэтыну лІыкІуэхэм зыгъэрхэмкІэ и Іуэху епльыкІэр зэрагъэтемыхуарэ. Мэкъуаугъуэм и 1-3-хэм трауха зэІуэІщэр аргуэру ягъэІэпэхьащ, унафэщІ зыбжанэм а махуэхэм зыкъэрамыгъэхьэлІэфын хуэдэу жаІэри.

Къэрал унафэщІхэр къызэщІрагъэубыдэу зы зэхуэс ирагъэкІуэкІыни щхьэкІэ, зэІуэІщэм и къызэгъэпэщакІуэхэр сытыми-кІи арэзы хьунущ.



◆ Накьыгъэм и 28 - 29-хэм Лампедузэ хьтІыгум (Италие) «Гупи 7»-м хьыхь къэралыгъуэхэм юстициэмрэ къэралыгъуэІ ІуэхуэхэмкІэ я министрхэм я зэІуэІ щекІуэкІынуц.

◆Къэрэшей-Шэрджэс, Къзбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм я щІыхьэ тхакІуэ **Мэшбашэ Исхьакъ** кьыщалъхуа махуэщ (1931 гъэ).

◆Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 31-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 36-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъи 5-рэ.

Плиниэр зыгъэхьэлэрыр.
КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Жьыжь пТъэм и адэ ить ищІэжьыркъым.

Зэпыщ Іэныгъэр зэрагъэбыдэным хущ Іокъу

● Хэкупсэхэр

Накьыгъэм и 22-м Щэнхабзэмкі э фондым и унэм Хамэ кьэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм зэрыдэлажьэм теухуа Іуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьа зэІуэІщ щекІуэкІащ. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м Хъыбарегъащ Іэ Іэнатіэхэмкі э, жьыгагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныгъэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкі э и министерствэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкі э, жьыгагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныгъэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкі э и министр **Пащты Борис**, абы и кьуэдзэ **Гергоков Джамбулэт,** Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и унафэщІым и кьуэдзэ **Тетуев Алим**, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и директор **Ацкъан Руслан**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ **Щоджэн Риммэ**, КъБКъУ-м философиемкІэ и кафедрэм и Іэтащхьэ **Эфендиев Сэлихь**, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщІ **Балэ Людмилэ**, Кьыргыгъэ Республикэм щыІэ «Минги ТаУ» щэнхабзэмкІэ лъэпкъ центрым и пашэ **Бапинаев Назбий**, ирагъэблагъэ кьулыкъущІэхэр. Ахэр тепсэлъыхьащ хамэ кьэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зыгъэгъэзавэ Іуэхугъуэхэм: зэпыщІэныгъэр гъэбыдэным, Хэкум кьэрэгъэлъэгъэжьыну зы мурадкэр зыІууэ лъэпощхьэпохэм, адэжь щІыналъэм кьихьэжахэм я Іуэхуэр дэкІын папщІэ апэ дыдэу лэжьыпхъэхэм.

Кьыргъыз Республикэм кьикІа Бапинаев Назбий я деж щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм я бжьыгъэ зыхуэдизыр кьиГъэлъэгъуа иужькІэ, тепсэлъыхьащ абыхэм я щыІэкІэ-псэукІэм, куэдым я Іуэху зэрыдэкІым. Абы кьыхихъащащ Бишкек кьаалэм Лъэпкъ музей кьыщыІэ-Іуихьн мурад зэриІэмрэ а Іуэхур кьэзыльлъахъэхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ хэхэсхэм 2001 гъэм кьызэрагъэпэща «Іуащхьэмахуэ» зэгухьэныгъэмрэ Къыргъызым щыпсэу лъэпкъхэм я асамблеемрэ жьыджэру зэрызэдэлажьэр.

Балэ Людмилэрэ Ацкъан Русланрэ жаІащ хамэ щІыпІэ щыІэхэм тхылъкІэ зэрадзэІэныкъуфынур, Щоджэн Риммэ кьызэхуэсахэм ту лъариГъэтащ ди хэкуэгъуэхэм яхудиІэ пыщІэныгъэр нэхъ быдэ хъун, абыхэм анэдэлъхубзэр ящымыгъупщэн папщІэ Интернет Іэмалхэр кьызэрагъэсэбэпыр, хэхэсхэр «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпэуэм кьыхьхьэ зэрыхъунур.

КъБР-м Хъыбарегъащ Іэ Іэнатіэхэмкі э, жьыгагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныгъэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкі э и министерствэм хамэ кьэралхэм щыІэ ди хэкуэгъуэхэм ядэлажьэ кьудамэм кьэзыгъэзэжьыну хуеИхэм я Іуэхуэр зэрызэфІихынур кьыхигъащ Пащты Борис. Апхуэдэу зэІуэІщэм хэтахэм кьыхалъхьа жэрдэмэхэрц кьалъыгтэнуц.

ЗэІуэІщэр яГъэдэхащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Къуэдз Іэбубэчыр зи художественнэ унафэщІ «Макъамэ» ансамблымрэ Яныкъуей кьуажэм кьикІа «Жашлыкъ» гупымрэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Нобэ

Лъэпкъым и набдзэ Нало Заур

КьызэрымыкІуэу Тхьэр зыхуэупса щыхуш Нало Заур. Илъэс 50 и пэкІэ абы и щІэр хэІущІыІу хьуащ зыхуэбгьадэ хъун щымыІэ усакІуэу. Абы и усэхэмрэ балладэхэмрэ адыгэ литературэм и фІыщІэм щыщ хъуащ, антологиехэми хрестоматиехэми увыпІэ щхьэхуэ щагъэуэтащ. Нэхъ нужькІэ дунейм кьытехьащ Налом и рассказхэмрэ новелдзэхэмрэ щызэхуэхьса «Къру закъуэ» тхытхыр. А «кьрурщсынщІэ дыдэу телъэтащ тхылъ щанІэхэм я телъхьэпІэхэм икІи лъытэныгъэ ин зыхуащІу яхъумэ гъэтІылъытыгъэхэм ящыщ хуэщІ, абы ихуа новелдзэхэр курыт, щщхьэ еджапІэхэм я программэхэм хагъэхьащ, абыхэмкІэ радиопостановкахэр, телеспектаклхэр ягъэуващ, лъэпкъ театрым мызэ-мытІэу щагъэлъэгъуащ.

НАЛО ЗАУР куэдым хэзыщІыкІ, щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ литературэ критикщ, адыгэ Іуэрыіуатэм и кьэхутакІуэш, лъэпкъ щэнхабзэм и тхьэдэкщ. Ар хэлъмыхьащ икІи и унафэщІу щытащ «Къэбэрдей усэгъэм и антологие» (1957гъ.), «Къэбэрдей литературэмкІэ очеркхэр» (1965, 1967гъхь.), «Адыгэ уэрэдыжьхэмрэ пшынатьэхэмрэ» (1980 гъэм яубла, том куэд хьу лэжьыгъэшхуэ) тхылъхэр къыдэгъэкІыным. Налом и фІыщІэ хэлъщ КІуащ БетІал, Елбэдэ Хьэсэн, Нало Жансэхъу, бахьсэн уэзщІакІуэхэм я пэжьыгъэхэр тхылъу дуней кьытехьэным. ЩІэныгъэхэр Іэнатіэр ирихьэкІыху Нало Заур и Іэдакъэ кьыщІэкІащ тхыгъэр, монографиеу, статьяуэ, докладу щытхъу щІигъу. Кьыпхъэмыльэтыным хуэдизэ абы илэжьащ лъэпкъ щэнхабзэм и хьуГъэуІыгъуэхэр, щыхьэ зэрагъэкІуэ, дзкъуагъкІуэхэм я творчествэр зэхуэхьэсыжьыным джыныпрэ теухуауэ. Агьнокьуэ Іашэ, ПащІэ Бэчмырзэ, Кьыльышбий Исмэхьил, Щоджэнщ Іыкіу Алий, КІуащ Бетіал сымэ, лъэпкъ щэнхабзэм зезыгъэужьа нэгъэщІ куэдми я Іэдакъэщ Іэкі Іэр джыным, тхылъу кьыдэгъэкІыным Налом и гуащІэ хэлъщ.

Нало Заур адрей адыгэ щІэныгъэлІхэм кьаХэзыгъэщхьэхукІыр абы и Іуэхущ Іафэ псори гупсысэ псыхьакІэ зэрыщэжкІэтхьыхьарц: зыгъэпІейтей Іуэхуэгъэ гуэрым щытетхыхькІи, еІым и художественнэ тхыгъэ кьыщІигъэщІкІи, жьыгагъуэ Іуэху щызэфІихкІи - псори нэгъэсауэ кьохьуІэ.

Усакіуэ икІи тхакіуэ, кьэхутакіуэ икІи жьыгагъуэ лэжьакІуэ, щІэныгъэ куэ дыдэ зыбгъэдэлъ Нало Заур зыхуэбгьадэ хъун щымыІэ щІыху тельыджэщ.

ГЪУТ Іэдэм,
бзэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

ГУ ЗЫЛЪЫТАПХЪЭ:
Ныщхьэбз, накьыгъэм и 28-м сыхьэтыр 18-м щІидзэу, Къэбэрдей къэрал театрым таетрым щекІуэкІынущ КъБР-м и щыхуэб тхакІуэ Нало Заур хуащІ тшыхь. Абы хэтыну хуей псори ирагъэблагъэ.

Гектар мин 300-м нэблагъэм

● АПК

Агротехникэм и щІалэ нэхьыфІым кьыІасу Къзбэрдей-Балъкъэрым къэкІыгъэ пасэхэр гектар мин 190-м нэблагъэм щыхасащ. Зэнгъыр хэсэщ мэкъуаугъуэм и пэхэм щІадзэнущ.

АБЫ ГЕКТАР мини 2-м нэс хухахащи, нэхьыбэр зыхуэзэр Дзэлыкъуэ куейр.

Нартыхум гектар мин 70-м нэблагъэ еубыд. КІэртІофыр, нэгъаби хуэдэу, гектар мин 12-м щигъум, хадэхэКІэр мин 17-м нэсым щыхасащ.

ІэщІагъэлІхэм кьыхэзрагъэльтмкІэ, гектар мин 107-м щащІа бжьыхьэсэ кьэкІыгъэхэм тепльэфІ яІэщ, хъарзынэу зауэж.

Гъатхэсэ, бжьыхьэсэ кьэкІыгъэхэр 2009 гъэми гектар мин 300-м нэблагъэм щызэрахьэнущ.

САМЧЕНКЭ Светланэ,
КъБР-м Мэкъуэмэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

Программэм ипкъ иткІэ

Къзбэрдей-Балъкъэрым и школхэм щадж лъэпкъыбзэхэмрэ литературэмрэ, республикэм и тхыдэмрэ географиемрэ, щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр. Ахэр зэрырагъэдж тхылъу 92-рэ, методикэ чэнджэщ зэхуэмыдзу 60-м щІигъу къагъэсэбэп.

АПХУЭДЭУ щытми, республикэм и школхэм лъэпкъыбзэхэмрэ литературэмрэ зэрырагъэджыр щІэныгъэм къигъэув иджырей мардэхэм хуэкІуэркьым, учебникэр зэрызэхэльам арэзы укъызэримышІыныр полиграфие и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэншэу кьызэрыдагъэкІымрэ я зэранкІэ.

КъБР-м и Президент Къанокьуэ Арсен и жэрдэмкІэ зэхагъэуват «2007 - 2011 гъэхэм лъэпкъыбзэкІэ зэрырагъаджэ тхылъхэр щІэуэ зэхьуэкІын» республикэ программэр. Абы ипкъ иткІэ, 1-9-нэ классхэм щІэсхэр я анэдэлъхубзэкІэ зэрырагъэджэну учебникхэм зэхуэуэкІынныгъэхэр игъуэтауэ къыдагъэкІыжьынущ.

2011 гъэ пщІондэ анэдэлъхубзэмкІэ тхылъ 32-м хэлэжьыхьыжьи, класс нэхьыщІэхэм щІэс цІыкІхэм есэпымрэ дыкъзэзыухъурехьэ дунеймрэ зэрырагъэджыну учебник 16 зэдзэкІын, урысыбзэкІэ псалъэ сабийхэр зэрырагъэджэну адыгэбзэ, балъкъэр зэрыбзэ тхылъу 20 ятхьи хуейуэ кьапэщІылъщ.

ДызыхуэкІуэ гъэ ерджэгуэм республикэм и лъэпкъ школхэм щІэтІысхьэну сабий минитІым щІигъум тхылъыщІэхэр зэрыІэнущ.

ЩАУЭ Ланэ.

● ТхылъыщІэ

Дэтхэнэ зыми

Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм кьыщыдэкІащ «Книга памяти репрессированных репрессий. Кабардино-Балкария. 1920-1941» зыфІаща тхылъыщІэ. Абы итщ Сталин и тетыгъэм ящыщ политикэ зэлымыгъэм ихьа щІыху мин 5-м щІигъум я щІэ-унэщІэхэр.

ТХЫЛЪЫМ ихуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу е я зэманым дунейм ехыжьыкэм щыпсэуауэ 1920-1940 гъэхэм ягъэтІысахэр. Абы-хэм ехьэлІауэ зыщыгъуазэ псори (кьыщалъхуа щыпІэр, гъэр, зыщыщІ лъэпкъыр, щылэжьар, зэрагъэкъуэншар, щагъэтІыса, кьыщагъэтІыпщыжа гъэхэр, кьуаншагъэ ябгьыдзэмылъ ягъэмыдзакэр щагъэзэхуэжа илъэсыр, нэгъуэщІхэри) кьыщыхьащ лэжьыгъэм.

Гуэзэвгъэушхуэ пэджэж тхылъым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм кьрагъэуэтэнущ я благъэхэм е зи цІэ ящІэ цыхухэм я щхьэм кьрикІуам щызыгъэзгъуазэ тхыгъэ кІэщІэкэр. Ди республикэм ис кьыщІэкІынкьым а политикэ зэхэзэехуэм и лей зытемыхьа зы лъэпкъи. Къэбгъэльагъуэмэ, Абейкэ ейуэ щыІэу 24-рэ ягъэтІысащ, Абазэхэ -13, Абэнокьуэхэ -7, Абыдзхэ - 7, Абыкьухэ - 13, Агуейхэ - 11....

Зи гугъу тщІы тхылъыр зи унагъуэм щІэлъыну хуейхэм ар кьыщащэхуфынущ Котляровэ я тхылъ тедзапІэм (Налшык кьалэ, Къэбэрдей уэрам, 19. Тел. 42-62-09).

БЛИЙ Даянэ.

● Гъуэгу къежьапІэ

Абрэдж Жантемыррэ Къумыкъу Андемыррэ куэд яхуэзфІокІ

Абрэдж Жантемыррэ Къумыкъу Андемыррэ Налшык дэт лицей №2-м и 11-нэ классым щоджэ. Ещанэ классым зэрыщІэсрэ ахэр есэпым дехьэх икІи а дерсыр нэхъ кууу ядж. Иджыблагъэ щІалэ цІыкІуитІыр хэтащ Нартсанэ щекІуэкІа, СНГ-м хьыхь къэралхэм, Китаим, Болгариим щыщ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуэ дунейпсо олимпиадэм икІи зэхьэзэхуэм и япэ дипломхэр яІыгъыу къэжащ.

НЫБЖЬЫщІэ зэчиифІэхэм ар щІэныгъэм щызыІэрагъэхьа и япэ екІуэлІэныгъэкъым. Жантемыри Андемыри мызэ-мытІэу хэтащ икІи щытекІуащ информатикэмкІэ, инджылызыбзэмкІэ екІуэкІа олимпиадэхэм, Колмогоров А. Н. и фэеплъу зэхаща республикэ конференцым, «Сигма» зэпеуэм я зэфІэкІ щагъэльэгъуащ. Апхуэдэу иджыблагъэ Абрэджымрэ Къумыкъымрэ кьыфІащащ «Лицей щІэныгъэхэм я магистр» цІэ лъапІэр.

Зэныбжьэгъуэхэм кьыхэзащ адзэкІэ я щІэныгъэм щыпащэну яджапІэр: Жантемыр УФ-м и Правительствэм и Финанс академием щеджэ и кьуэш нэхъыжь Астемыр и лъагъуэм ирикІуну, Андемыр МКъУ-м есэпымрэ кибернетикэмкІэ и кьудамэм щІэтІысхьэну я мурадщ.

ЩІалэ зэчиифІэхэм ди гуапэу дохьуэхьу ехьулІэныгъэ яІэу щІэныгъэм и щыгум дэкІыну.

ДЫГЪУЖОКЪУЭ Іуэс.

● Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу

«Телъыджэхэр ди фІэщ фщІы»

Апхуэдэ цІэ зиІэ псапащІэ концерт мэкъуаугъуэм и 1-м. Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм. Налшык и Театр щхъуантІэм щекІуэкІынущ. Абы кьыхэкІыну мыхькъу хуаутІыщынущ лъыхь (онкологие) узыфэ зыпкърыт цІыкІуэм защІэхъжьэным.

АХЪШЭХЭР сабий сымаджэ зыщІэс унагъуэхэм Іэрагъэхьэнущ. Абы щыщ Іыхьэ гуэр республикэ сабий сымаджэщым гематологиемрэ онкологиемкІэ и кьудамэм иратынущ, апхуэдэ узыфэхэм еІэзэныкІэ зыхуэныкъуэ медицинэ Іэмэпсымэхэр, хущхъуэхэр кьащэхун папщІэ.

Псапащ Іэ Іуэхур кьызэрэпэщІыныкІэ щІэгъэкъуэн хъунущ КъБР-м и Президент Къанокьуэ Арсен, КъБР-м и Парламентыр, «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым ди республикэм щІэ щІыналъэ кьудамэр. Концертым хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист щІэрыІуэхэр СультІан, Сокъур Ольгэ, Газаев Алим, Токъу Альбинэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Дзыбэ Мухьэмэд, Ракитинэ Иринэ, Кьэгъэзэж Ануар, Лилу сымэ. Апхуэдэу псапащІэ Іуэхум я Іыхьэ халъхьэнущ «Балкария» къэрал Іуэрыіуатэ-этнографическэ кьэфакІуэ ансамблым, «Хьэтхэр», «Каллисто» гупхэм, КъБР-м и КВН командэхэм.

Концертым сыхьэт 19-м щІидзэнущ. Билетхэм сом 200-400 я уасэщ.

ХЬэПІЭ Маринэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2009 гъэм и епІуанэ итиІ ныкІуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэнкІэр зэрекІуэжкІр.

ИтиІ ныкІуэм газетым и уасэщ сом 342-рэ кІэлъейкІэ 84-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щІлъадзэ жьунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі эм и поомк.

Ди индексэр 51531

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм накъыгъэм и 22-м *№285-рп*

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьызыхуэтыншэу кьыщыхэгъэпэщыным зыхуэгъэхъэзырыныкъэ егъэкIуэкIыныкъэ хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэмэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ куейхэмэ кьалэ округхэмэ зэфIагъэкI лэжьыгъэр зэкIэлъыгъэкIуэн мурадкIэ:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж кьыщыхэгъэпэщын Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зыщыхэгъэхъэзырынымрэ щегъэкIуэкIыныкъэ хуэлажьэ Зэзыгъэуэ совету Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэм хэтхэр;

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зыщыхэгъэхъэзырынымрэ щегъэкIуэкIыныкъэ хуэлажьэ Зэзыгъэуэ совету Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэм хэтхэм ятеуохуа Положенэр.

3. Къару имыIэжу кьэлытэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм накьыгъэм и 8-м кьыдигъэкIа Унафэ №244-рп-м.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I **ЯРИН Андрей**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм накьыгъэм и 22-м кьыдигъэкIа Унафэ №285-рп-мкIэ къащтащ

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зыщыхэгъэхъэзырынымрэ щегъэкIуэкIыныкъэ хуэлажьэ Зэзыгъэуэ совету Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэм хэтхэр

Жамборэ В. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(Зэзыгъэуэ советым и унафэщIщ)*

ДыщэкI М. Р. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьудэгъэ *(Зэзыгъэуэ советым и унафэщIым и кьудэгъэщ)*

Щхьэгъэпсо С. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр *(Зэзыгъэуэ советым и унафэщIым и кьудэгъэщ)*

Атаманенкэ Ю. Н. - Май муниципальнэ куейм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Быф А. Ж. - Бахьсэн кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Гертер И. К. - Прохладнэ муниципальнэ куейм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Джапшуевэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм зэрырагаджэ щIыкIэм кIэльыплъыныкъэ кьэпщытэныкъэ и департаментым и унафэщIыр

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Есинекэ В. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм зэрырагаджэ щIыкIэм кIэльыплъыныкъэ кьэпщытэныкъэ и департаментым и IэщIагъэлI-эксперт нэхъыщхьэр *(Зэзыгъэуэ советым жэуап зыхь и секретарщ)*

Къаздохъу А. Б. - Бахьсэн муниципальнэ куейм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Кьанокъуэ А. Хь. - Аруан муниципальнэ куейм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Карышу С. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэ, щIэныгъэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Касумов С. Г. - къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министрым и къудэгъэ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм жылагъуэ шынагъэмкIэ и милицэм и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Клешня Л. С. - Прохладнэ муниципальнэ куейм и щIыпIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Кьудей А. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм Гъуэгуэгъэм шынагъуэншэу щыхэкIуэным кIэльыплъыныкъэ и къэрал управленэм и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Мэкъуауэ А. К. - Лэскэн муниципальнэ куейм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Мэлабахъуэ Т. К. - Налшык кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Мамбэт М. Хь. - Шэдзэм муниципальнэ куейм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIыр *(эгъэгушIуэгъэ)*

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ куейм и щIыпIэ администрацэм и IэнатIэм республикэм зыщIегъэжьыныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ.

- Республикэм и IущыкIуэхэм нобэ кьалэныщхьэ дыдэ кьыштащIыгъ. Дызыпэрэт IэнатIэр кьэтIэтыжыну дыхуейймэ, абы хэкъуэзауэ демыIэжьу хьунукъым. Нэхъыщхьэу зытегъэщIапхъэу кьэтIыльтэрэ быным пльэнкъыфIэхэр ирикъуу зэгъэзэщIыкIыу. Абы и пльэнкъыжькIэ республикэм и унафэщIым дакъыгуроIуэ икIи ди мурадхэр кьыддаIыгъ.

Фигу кьэзгъэкIыжынщи, 1991 гъэ пщIондэ, къэралым и дэнэ щIыпIи хуэдэу, Къэбэрдей-Балькъэрми IущыкIуэным Хьарзанэгъэ зэщIичыжьыгъ, Iэщагъэтащ. Ауэ «зэхъуэкIыныгъэ» фIащу кьрахьэжьауэ щыта Iэхъу зехьэкIэ мыгрыIуэгъэм псори зэтрифIэщхъащ. Девгъэпльыжьыт: зыр адрейм ехьэ-ехьэу абы щыгъуэ республикэм щылажьэрт колхозхэр 130-м щIигъу. Нобэ ди Iэжьр хозяйствэ тIощIыбрыпщI хуэдизщ. Илъэс кудкIэ егупъуэ зэтрауха Iэщ IэпэкIыфIхэр кьыщагъэхъу кьэралI Iэхъущ IапIэм зыри хуэмеижь хъуат, абы кьуфейхэм щиIэ кьудамэхэр зэхуащIыжри, IэщIагъэлI Iэзэхэр IапIэнщуэ кьэнат. Абы кьрикIуэм псори дыщIыгъэзщ.

Ди гуапэ зэрыхьунщи, иужьрей илъэсхэм республикэм и экономикэм хэкъуэзауэ щрагъэкIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм Iэхъу зехьэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыдэхнэхуащ. Абы щыхуабэ хозяйствам и IэнатIэхэм зрегъэужь. Кьапщтэмэ, нобэ республикэм щыIэщ мэкъумэшыщIэ-фермер хозяйствэу 1000-м щигъу, - кьыгъэлъэгъуащ **Іутіыж Арсен**.

Iэщ гъэхъуныи и нобэрей щытыкIэм и гугъу щIыщIым, абы кьыхихъэщащ а IэнатIэр иджыри хуэмурэ фIэкIа зэрызэтемыувэжыр. Псалъэм папщIэ, 1990 гъэм зэрыщытам ельытауэ, былымылрэ джадзыпу кьалэжьыр хуэди 4,6-кIэ, гъэшу кьашыр хуэди 4,2-кIэ, джадыкIэу кьрахьыр хуэди 5,6-кIэ нэхъ мащIэщ.

Iэщышхуэм, кхъуэм, мэлым я бжыгъэр зэтегъэувэжыным мэкъумэш хозяйствэхэм щегугъэкъым, жэмышIэхэр тэмэму кьыщыхахьркъым, быным пльэнкъыфIэхэр кьэгъэхъуным щепIапIэр-кьым, нэгъэущI Iуэхугуэ куэдми IэхъуэгъуэтегъэкIыу щабгъэдохъэ.

- Нобэрей зэIущIм дэ кьыщытптхьыхьуэну кьыштпэщытщ апхуэдэ щытыкIэр нэхъ псынщIэу кьыштапIэр студентхэм ирагъэжьнымкIи Iэмал куэд кьащIэфэщ. Факультетым зыхуэныкъуэ псори иIэщ зэчий зыбгъэдэлъ студентхэм нэхъ кууэ ядэлэжьэнымкIэ, кьэхуэныгъэжьр ирагъэжьуэкIынымкIэ. ЖыпIэнуракъэ, илъэс 45-м хьриубыдэу абы кьыщIигъэкIащ химик, эколог IэщIагъэлI лъэрызехьэхэр.

ХимиемкIэ факультетыр кьыщыхэзIуаха илъэсым щIэтIысхьауэ щытахэм яхэтщ зрагъэгъуэта IэщIагъэм иджыри ирилажьэкэр. 1964 гъэм абы щIэтIысхьат щыху 60-м щигъу. Абыхэм ящыщу 43-рэ 1969 гъэм кьэзыухар.

Япэу я факультетыр кьэзыухахэм ящыщ дэтхэнэри я илъэс дыдэм IэнатIэ пэрыуващ. ИкIи IэщIагъэлI хьарзынэу зыкьагъэльагъуэу лэжьащ, республикэм и зыужьыныгъэм, химие промышленностыр кьэгъэщIэрэзыгъэ и кIэм зы махуэ кьыхэтхыу «Восток» кьиномэатрым дежьащэжьэзэну. Нобэр кьыздэсым дгъэгъэщащкъым а IыгъэгъэI, илъэс кьэс зи Iуэху хуэмыдэкIэ зэхуэсри, дыз эроIьагъэ, дызэбгъэдэсщ. КьыщынэмыщIауэ, унагъуэ-унагъуэкIэ дызэкIэлъокIуэ, ди бынхэр зэроIыхьу, зэнгъбжьагъэтыщ, ФышIэ яхуэтщIыну, дехьэхьуну дыхуейщ нобэ жьыщхьэ махуэ хьуа, химикмкIэ факультетым и япэ декану щыта Iуэд Къэралбий, ди егъэджакIуэу щыта зи Шурдым Iэзаилий, Шэрджэс Бэлетокъуэ, Дзу Iэбубэчыр, Мусаев Юрий, ХьуэкIуэн Хьэзрэт-талий сымэ. Тщыгъупщакъым абыхэм яхэмытыж Бырхъэм Михаил, Къарэ Зырамыкъу, Кьэзанш Александр, БагЪ Ибрэхьим сыми.

Студенту щыщыта илъэсхэм я гугъу щащIыжкIэ, ягу кьагъэкIыжьым я куэдщ ди псэльэгъуэхэм. Пщащэ гупым щIалэ зыбжанэ фIэкIа яхэстэкъыми, хьыджэбзхэм я гугъуэ. Ауэ нобэкъым зэдзэгушыIами, иужькIэ унагъуэ зэдзэныуэ зыбжанэ яхэтащ зэкурсэгъуэхэм. Ауэ нобэкъыгъуэгъэ зыгъэнэ хьапIэ Жэмыхъуэ Чэмал, Щомахуэ Мухьэмэд, Сэбанщы Аленэ, Тlэш Светланэ, Хьэмыкъуэ ФатIимэ, Карпенкэ Татьянэ, Сэмэн Свет ланэ сымэ жьыдэкэу кьызэрагъэпэщ гуапагъэкIэ гъэнщIа зэIущIэхэр.

Промышленностым зиужьын папщIэ, республикэр химик хуэныкъуэт, факультетыр кьызэIуахагъащIэти, жэуапльныгъэшхуэ зэрахьыр кьагурыIуэжу еджащ ахэр икIи яхуэгъэзащ, республикэр кьаэзрыщыгуфа кьалэныр зэгъэзэщащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

• Iу зылъытапхъэ

Ирагъаджэ икIи къащхьэщож

Роспотребнадзорым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Управленэм щолажьэ санитар, потребительскэ законодательствэр кьызэрызэнаулым кьыхэжьыу, республикэм щыпсэуэн, хьэрычтыщIхэм, Iуэхущ IапIэхэм я дЫкIуэхэм я гухылъэмрэ зэрызыкьыхуахьэгъэзэщащ щыхьыщ, Iэщ IагъэлI-экспертхэм я чэнджэщ щагъэт жылагъуэхэщIапIэ.

УПРАВЛЕНЭМ и унафэщI **ХьэцIыкIу Клим** зэрыжиIамкIэ, щЫхуэхэм зэман лей ямыгъэкIуэдын щхьэкIэ, Iуащхьэмахуэ, Аруан районхэм, Бахьсэн, Прохладнэ кьалэхэм щаIэ я кьудамэхэм апхуэдэ Iуэхущ IапIэхэр кьыщызэIуахащ. Абы кьызэригъэлъэгъуамкIэ, жылагъуэ хэщIапIэм изгьабэ щIыхь 619-м щхьэкIуэм и хуитыныгъэхэр хьумэным техуха чэнджэщхэр щратащ икIи зэныкъэкъуэкъ кьызыхэкIа щхьэусыгъэхэр щызэпкрагъахщ. Мы гъэм и яп мазищым тхьэусыхафэрэ зэрызыхуагъэзу 40 яIэрыхьати, 36-м ичэр трагIыхьащ, адрей 4-м хопльэ.

ЦIыхухэр куэдрэ егъэтхъуэсыхэ унагъуэм кьыщагъэсбэп техникэ льапIэмрэ вакъэмрэ я фIагъыр зыхуэдэм. ЩхэхакIуэхэм я хуитыныгъэхэр

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

●Фэеплъ пшыхь

Акъсырэм къызэринэкІа фІыгъуэр

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щекІуэкІащ адыгэ драматург цІэрыІуэ Акъсырэ Залымхъан къызэралъхуэр илъэс 90 зэрырикъум и щІыхькІэ зохаша пшыхь.

АБы ХЭТАЩ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан**, Налшык Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Ефэнды Джылахьстэн**, КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ **Къэрмокъуэ Мухьэмэд**, УФ-м, КъБР-м гъэзэджэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Молэ Владимир**, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емуз Гъуэр**, Псыгуэнсу къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ **Къанкъуэл Хьэчим**, драматург цІэрыІуэм и къуажэгъуэр, и Іыхьлыхэр, я ныбжьэгъуу щытахэр, абы и творчествэм дихьэх куэд.

«Адыгэ пшыналъэ зэхэсхэмэ, си гур къоувыІэри, емыжьажьи си гугъэу согужьей» Акъсырэ Залымхъан жиІауэ зэрыщытар зэхьихьэр езыгъэкІуэкІа КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **КІэмыргуей Валентин** дигу къигъэкІыжри, «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ гупым утыкур хуит хуищІащ. Абыхэм пшыхьыр

Ефэнды Джылахьстэн

Фырэ Руслан

Къэрмокъуэ Мухьэмэд


Гъут Іэдэм

Гумэ БетІал

«Кабардинкэм» хэтхэр къоф.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

къызэІуахащ Акъсырэм фІыуэ ильаГыуэ щыта адыгэ къафэжькІэ.

- Акъсырэ Залымхъан и Іэдакъэщ1экІхэр ди лъэпкъ щэнхабзэм дамыгъэ дахэу къехынащ. Абы и пьесэхэр щІэх-щІэхыуэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым адыгэ ІуэрыіуатэмкІэ и къудамэм и ученыкІуэ **Гъут Іэдэм**. - Залымхъан и пьесэхэм хэт репликэхэр куэд щІащ лъэпкъым псалъафэ зэрыхэуэхъуэр, псалъэхэ зыухэзу цІыхухэм зэраІуэрыІтьэр.

1980 гъэм Къармэхьэлэ Іуэрыіуатэщіпэ дыщыІэу адыгэ узрэдяжьхэм хэту «Синэ, си псэу, Чэзиби», «Сыпхуеямы, сыпхуеижькъым» зэрэдхэр лІыжь гупым къыджаІат. Уи Іэдакъэщ1экІхэр цІыхухэм яГи ирихьу кІащтэнкІэр насыпышхуэщ. Апхуэдэ насып зритыр илъэсищ1м зэ къалъхуу аращ.

«Дахэнагъуэ» спектаклым щыгъ тепльэныгъуэ кІэщІ ягъэ лъэгъащ КъБР-м и цІыхубэ артистКъ **Щэрмэт Людмилэ рэ ТІымыжь Владимиррэ**.

Журналист цІэрыІуэ **Емуз Гъуэгуанэ** и къиГэкІыжащ1: Акъсырэ Залымхъан цІыхубэ ИКІи ихьэлалу зэрыщытар, радиом щыщыІэжьа илъэсищ1м зэрыщыжьыщІигъэкъуар. Гъуэгр и псалъэхэм къыхигъэщащ Акъсырэ Залымхъан и Іыхьлыхэм я лъэпкъым щыщ пычыгъуэ кьеджащ.

БизнесымкІэ институтым и ректор **Хьурей Феликс** кьыхигъэщащ, Акъсырэ Залымхъан и Іэдакъэщ1экІхэр игъащ1экІэ мыкІуэдыжькІи фІыгъуэу ежьащ1эрэтхъуитэкІэ икІи Акъсырэм и пьесэхэр щІалэрэгъуалэм егъэджьи зэрыхуейр, театрхэм зэхьыбгъэ кьиззэрыщІыгъэльэгъуапхъэр.

- Ильэс щитІ хуэдизкІэ узэІэбэкІыжмэ, Залымхъан и адэшхуэ Бэчмырзэ и адэ Увжьыкъуэ и адэжь Угъурлырэ Къэбэрдей пщы уэлимфэ зэбгъэдзэсу псэуащ, - Акъсырэхэ я Іыхьлыхэм щыгъуазэ дыхуеущ УФ-м щІыхь зиІэ и артист Акъсырэ Залымхъан хуэдизу хуэзыщІа зэрыгъэтыгъуейр икІи урысибэзкІэ зэрадзэ-кІІа абы и Іэдакъэщ1экІхэр лъэпкъ зэхуэмыдэхэм зэращтар. И псалъэхэм пищэуЕфэнды Джылахьстэн кьыхихэщащ Іуплыж Борисрэ Акъсырэ Залымхъанрэ хуэдэ куэд ди лъэпкъым кьыхэкІыжыпхъэ зэрихьэлэсапІэр.

- Акъсырэм и «Дахэнагъуэ» пьесэм кьыращІыкІа спектаклым ялэ дыдэу сыщеплъаращ театрым сыщыдихьэхэр икІи ар гъащІэ гъуэзэ сеуэхуащ, - пищащ КъБР-м и цІыхубэ артист **Жылокъуэ Мухьэмэдин**. - Сэ кьысщохьу Акъсырэ Залымхъан и пьесэхэр классикэ хьуауэ, Шекспир и «Гамлет»-м, Іуплыж Борис и «Тыргъэтауэм» ещІыж. Абы и пьесэхэр игъащІэкІэ лъэпкъым кьыдзэгъэгурыкІуэнущ.

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщІ **Шыбзыхъуэ Басир** кьызэхуэсахэм ягу кьигъэкІыжащ Акъсырэм и «Андемырк1ан» пьесэм, Ерчэн Леонид 1973 гъэм игъуэлам, Щукин и цІэр зезыхьэ театр училищэм къэзыухьу къэзыгъэзэжа гупым дежкІэ лъжьыгъэ гъэщІэгъуэну зэрыщытар, а спектаклир епльэкІа Іуэрыіуатэм ягу зэрыдыхьар.

Адэкіэ псалъэ зрата **Ефэнды Джылахьстэн** жиІащ мырк1ан» пьесэм, Ерчэн Леонид 1973 гъэм игъуэлам, Щукин и цІэр зезыхьэ театр училищэм къэзыухьу къэзыгъэзэжа гупым дежкІэ лъжьыгъэ гъэщІэгъуэну зэрыщытар, а спектаклир епльэкІа зэрыгъэкІуэкІа Іуэрыіуатэм ягу зэрыдыхьар.

Адэкіэ псалъэ ираташ **Молэ Владимир**.

- «Дахэнагъуэ» пьесэр зэритхар сщІэуэ, ауэ езыр сымыщІыхьуу, 1950 гъэм макъамэ ещанІэм сыщІэтІысхьэну Гугу Рашад сыщишам, Шортэн Аскэрбийрэ Акъсырэ Залымхъанрэ сигъэщІыхьат. Иужькіэ, консерваторэм диплом къуатыжьын щхьэкІэ оперэ, контатэ, макъамэ пычыгъэшхэу гуэр птхын ячэ-ти, «Дахэнагъуэ» пьесэм зэспщытат. Абы и ягъэ Іыхьэр оперэ сщІат, Саратов дэт консерваторэм лъэпкъ эмыльэужьыгъуэ куэдым щыщу щІэсхэм адыгэбзэкІэ ар ешІэгъэгъэщащІэу. Куэдрэ сигу кьокІыж, гъэльэгъэныгъэр зэфІэкІа нэужь, Саратов дэт юридическэ институтым и профессор Къалмыкъ Юрэ «Залымхъан и псалъэхэр лъабжьэ зыхуэхъуэ оперэр адыгэ профессионально макъамэ щэнхабзэм и япэ лъэбакъуэу, япэ вагъэбдзэмэу убж хъунущ» - жиІэу кьызэрысхуитхар. Апхуэдэу Акъсырэ Залымхъан и пьесэм и фІыгъэкІэ сэ кьызэхьулІащ япэ адыгэ оперэ згъэуныну.

Акъсырэ Залымхъан ильэс зыбжанэкІэ дэлэжьа **Къэрмокъуэ Мухьэмэд** и куэдт пшыхьым кьырихьэлІахэм яхуиІуэтэжьын.

- «Дахэнагъуэ» пьесэм хэт Джэримэсэ и образыр япэу зыгъэзэщІар саращ. Апхуэдэу щІэхъуэм и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыт зауэм макъуэ кІэс кьыгтхуэну гуІэгъуэкІэ зы ПЖКІу нэхъ мехъу ми зэрызыщхьэщагъэкІын Іэмал цІыхухэм кьызэралъытахъуэр. Газетым тету «Дахэнагъуэм» дыкьеджа нэужь, зэкІэссэгъуэкІэ дыззэгурыІуат ар спектакль тщІыну. Абыкіэ егъэджакІуэри арэзы кьыдэхъуащ. Джэримэс Іэхъуэти, апхуэдэ теплъэ сиІэу зысхуэпІэн хуейт, ауэ абы щыгъуэ сэ хуабжьу хьыджабзэхэм закъыпезгъэхьыри, фейцейуэ закъэзгъэзгъэгуфІыгъэ. И зэманым колхозым и комсомол организацэм и секретарь ХьэфІыцІэ Мусэбий сыткІи кьыддэІэпыкъуртт, Си тепльэр ипкІэгъуэ «УФ-ым щІыхь зиІэ, уІэхъуэщІи, кьеззэгъыбзыхуапэ», - кьызжиІат. Къуажэм щыдгъэльагъэуэри, ягу дрихьащ, ятІанэ районым, иужькІэ Налшык республикэ фестивалхэм 2-нэ уІэвлІэр кьыщытхъащ. Фестивалым дызэдэщІым къэсщІыхуат Акъсырэ Залымхъан. Абы иужькІэ илъэс куэдкІи дызэдэлэжьащ. Ар лэжьакІуэшхэт, цІыху тІыншт, хьэлэлІуэт, фІыгъуэ ульыпльынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Апхуэдизкіэ лъэпкъым куэд хуищІащи, сыт хуэдэу дымыгъэльэпІащ дымыІэтми, абы папщІэ мащІэщ.

- Акъсырэм и цІэмрэ абы и Іэдакъэщ1экІымрэ хэмыту уеплъмэ, къэбэрдей литературэм зы Іыхьэдэ гъэхунчІ, ар гуэтмэ, дахэу, гуэмытмэ, фаджэу, - жиІащ филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Гуманитар къэхутэныгъэхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым адыгэ ІуэрыіуатэмкІэ и къудамэм и ученыкІ **Гъут Іэдэм**. - Залымхъан и пьесэхэм хэт репликэхэр куэд щІащ лъэпкъым псалъафэ зэрыхуэхъуэр, псалъэхэ зыухэзу цІыхухэм зэраІуэрыІтьэр.

1980 гъэм Къармэхьэлэ Іуэрыіуатэщіпэ дыщыІэу адыгэ узрэдяжьхэм хэту «Синэ, си псэу, Чэзиби», «Сыпхуеямы, сыпхуеижькъым» зэрэдхэр лІыжь гупым къыджаІат. Уи Іэдакъэщ1экІхэр цІыхухэм яГи ирихьу кІащтэнкІэр насыпышхуэщ. Апхуэдэ насып зритыр илъэсищ1м зэ къалъхуу аращ.

«Дахэнагъуэ» спектаклым щыгъ тепльэныгъуэ кІэщІ ягъэ лъэгъащ КъБР-м и цІыхубэ артистКъ **Щэрмэт Людмилэрэ ТІымыжь Владимиррэ**.

Журналист цІэрыІуэ **Емуз Гъуэгуанэ** и къиГэкІыжащ1: Акъсырэ Залымхъан цІыхубэ ИКІи ихьэлалу зэрыщытар, радиом щыщыІэжьа илъэсищ1м зэрыщыжьыщІигъэкъуар. Гъуэгр и псалъэхэм къыхигъэщащ Акъсырэ Залымхъан и Іыхьлыхэм я лъэпкъым щыщ пычыгъуэ кьеджащ.

БизнесымкІэ институтым и ректор **Хьурей Феликс** кьыхигъэщащ, Акъсырэ Залымхъан и Іэдакъэщ1экІхэр игъащІэкІэ мыкІуэдыжькІи фІыгъуэу кьызэрыгъэтхъуитэкІэ икІи Акъсырэм и пьесэхэр щІалэрэгъуалэм егъэджьи зэрыхуейр, театрхэм кьызэрыщІыгъэльэгъуапхъэр.

- Ильэс щитІ хуэдизкІэ узэІэбэкІыжмэ, Залымхъан и адэшхуэ Бэчмырзэ и адэ Увжьыкъуэ и адэжь Угъурлырэ Къэбэрдей пщы уэлимфэ зэбгъэдзэсу псэуащ, - Акъсырэхэ я Іыхьлыхэм щыгъуазэ дыхуеущ УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Даур Иринэ**, **Къур Фатімэ** сымэ, нэгъуэщІхэми.

ТАБЫЩ Динарэ.

Даур Иринэ

Зеущэ Іэуес

Тхьэгъэлэдж Светланэ

Хъыжьыкъокъуэ

●Нобэ Гъунапкъэхъуэмэм и махуэщ

Айдэмыр цІыкІуи я лъагъуэм ирикІуэну щогугъ

Дуней псом нэхъ гъунапкъэщхьу э дыдэ щызиІэ къэралыгъэ Урысейр икІи ар хьуэмэным кьару ин ирихьэлІэ зэпыту кьокІуэкІ. А кьалэн мытыщыщи зи гъэшІэн тезыхуэхуа гъунапкъэхьуэмэхэр сыткІи кьызырщ ди щІыналъэм кьеІэ, щыІэ хабзэхэр кьызэрызыхуэну хущІэкъу псоми жуаеи ткІий иратыну


Хеймащэ Зарьянэ

1918 гъэм накьыгъэм и 28-м Цыхьэгъэ Комиссарэхэм я Совет-тым декрет кьыштащ СССР-м и гъунапкъэ щхьэхуэ щІэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІи. ССР-р лъэпкъэжа иуиныкІэ республикэм гъунапкъэ хуиІэ хьуащ, Осетие Ипщэмэ Абхъазымрэ гуэтыну зэрыхуэмейм кьыхэкІыу Іуэху мыщхьэпэхэр зезыхьэ, ныкьуакьуэ Куржым, Араращи, гъунапкъэхэр хьуэмэным гульытэшхуэ хуащІ мы зэманым.

Ди кьурш уардэхэм хамэ кьыщхьэпрамыгъэкІыу яхьуэмэ Іуэхум сыт и ІыхьныкъэкІи хуэщІа застаВэхэм. Иджырей пщатьлэм кьеІэзэныу ахэр зыхуеину псомкІи кьызэгъэпэщащ. УФ-м и ФСБ-м и гъунапкъэхьуэм управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэ хущІапІэм и унафэщІ Гъукіэ Хьэсэнбий щыгъуазэ дыззэрищІамкІэ, ди гъунапкъэхэр быдэу зэхуэщІащ, абыхэм я гъунэгъуэу щыпсэуэрэ зыгъэпсэхуакІуэ къажІуэхэри щІэпІейтеин щыІэкъым.

- Нэхъапэм ельытауэ иджы Урысей Федерацэр куэдкІэ нэхъ зэІуихащ. Яныныкъуэ щыналъэхэм уиныкъэ мэхъу, абыкІэ хуит уяІущ тхьапЬ бгъэльапъуэурэ. Абы ди лэжьыгъэр нэхъ гугъу ещІ, ауэ ар хъарзынэщ. Зы кьэрали дунейм теткым езым и гъунапкъэр имыхьэу мэу. Ар абы зэрыхуэхэсыким куэдкІэ елытащи и экономикэм зэрызэгуокІри и льэщагъэр зыхуэдэри. Кьалэн нэхъыщхьэр ди республикэм, кьэралым я гъунапкъэхэр хуэмэнырщ, щынагъуэнщагъэр кьызэрэпэщынырщ. Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ ди Іуэхущапі1эм ильэс 16-м кьэриубгъэу зэхъуэжьынгьэхэр, зыужьыныгьэх зэр игъэтащ, - жиІэ Гъукіэм.

Кьыхэзгъэщынщи, зэпэщІ иджырей Іэмэпсымэхэр техникэмкІэ, псэуплъэкІ и застаВэхэм, ефакІуэ зэпытщ Іуэхущапі1э нэхъыщхьэу Налшык дэтэр. Абыхэм зыщІагъакьуэ ахэр зыхихубыдэ куейхэм я Іэтащхьэхэм, зэпыщІэныгъэ гуапэ хуаІэщ гъунэгъу жьлагъуэхэм я.

Управленэм эн цІэ ефыкІэ щыжаІэ, эн пщэрыльхэм хуэІэижь, жэуапльныгъэр зыкъэзыщІэ гъунапкъэхьуэмэ нэсхэм ди лъэпкъэгъуэхэри яхэтщ. Къэбэгъэльагъуэмэ, уригушхуэ хъунущ юридическэ щІынагъэхэм я кандидат лейтенант нэхъыжь Теунэ Мурат, капитанхэу Сыжажэ Юрэ, Мэкьуауэ Мартин, лейтенант Гадиев Алим сымэ.

Абыхэм щыгъуазэ дызыщІа пІополковник Гъукіэ Хьэсэнбий ящыщщ эн гъашІэр а Іэщ1агъэм тезыхуэхуахэм. 1995 гъэм гъунапкъэхьуэмэ институтыр кьиуха нэужь, Армениемрэ Иранымрэ я эхуаку дэлъ гъунапкъэхэм кьулыкъу щищІащ, кьызэрыхъжаныкІам кьыхэкІыу орден, нэгъуэщІ ящэрэ Іэтащхьэ кьыхуагъэфащащ.

Хьэсэнбий и лъагъуэм я хьыджэбзищым я нэхъыжь Зарьянэ. И сабиигъуэм щыщІэдзауэ ар щІэхъуэпсыр дзэ кьулыкъум, аркьэхІэ и анэ Заретэ ар хуигъэдзэхэрэм. Пщащэм педколледжым кьыхури Налшык кьалэм дэт 31-нэ курыт еджапІэм психологыу лэжьэн щыщІидзащ, ауэ и хуэсапІэр Іэщ1ыбэ хуэщІыгъэкъым. Сытми, и ерыщагъэр тенкІуэри, абы и адэ-анэр и лъныкъу э ящІыкІи 2000 гъэм гъунапкъэхьуэмэ фащэр щитІэгъащ. Абы и кьалэнхэр бгъэззащІэн щыщІидзащ Іыгъ ныкъуэ кьалэм щыІэ гъунапкъэхьуэмэ Іуэхущапі1эм и коменданту гъэщІэн щыщІидзащ Іыгъ ныкъуэ кьалэм щыІэ гъунапкъэхьуэмэ Іуэхущапі1эм и коменданту гъэщІэн щыщІидзащ Іыгъ ныкъуэ кьалэм щыІэ гъунапкъэхьуэмэ фащэщ.

Гъукіэм я хьыджэбз курыт Залинэ, дизайнымкІэ колледжым щоджэ, нэхъыщІэ кьыхихэр банк лэжьакІуэ Іэщ1агъэщ.

Мыхьэнэщхуэ зиІэ кьалэн гугъу езыхьэкІхэм я махуэр нэхъ ягъэзэлапІэ. Пщэдджыжьым сыхьэтиу 10-м щегъэжьауэ абы теухуа Іуэрыіуатэхэр ежьэнкІынущ. Налшык Мафэ мыкуэжьыным и фэеплъым удэ гъэзэхэр тралъхьэнущ, абдеж щекІуэкІынущ гуфІэгъуэ зэхьыхэ.

УЭРДОКІУЭ Женя.

●Щэнхабзэ

Оркестрыр ягъэлъапІэ

Налшык и ХьэтІохьэуцыкьуей хадэм кьыщыІу макъамэр щІыуэпсым и пшынальэхэм дежьэуэ къыщІощхьу, Вальсхэр, маршхэр, нэгъуэщІ макъамэ дахэхэр зэхэпхыу ящрикІуэкІэ, льэр нэхъ щІокІ, гур дожаи, кьалэ гъуэзымрэ сабэмрэ ирагъэзэщІа нэхэр «къоплъэжри», хадэ щхьэнтІагъэр, уд гъэсъа кьомыр, чафэ кьащхьэхэр «къыпшкъорхъэ». Апхуэдэ дакьикьхэм дежь гукьыдэж хущІмыгъаІ пщегъэгъуащ: тхьэкІуэмэм кьиІу макъамэ дахэ «кьынкІэльыкІуатэм».

ИЛЬЭС 35-рэ хьуауэ абы хуоІажьэ Налшык кьалэ жьг хадэм и духовой оркестр. А махуэр дахэу икІи гукьинэжу ягъэлъэпІащ оркестрым и музыкантэмэ абыхэм я творчестэр фІыуэ зыльыгъуэми. Абыхэм я зэхьыхэм зыкьраГъэхьэлІэ. Налшык кьалэ и творческэ гупхэм, щэнхабзэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ куэдым. Щэнхабзэмкіэ паркым и къэфапІэ унэм щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхьыхэм кьыщыпсэльащ икІи махуэр зыгъэльапІэ оркестрым хьэхьэу гуапэкІэ зыхунгъэзащ Налшык кьалэ администрацэм и унафэщІым и кьуэдзэ Портэ Галинэ.

- Фэ врэзащІэ вальсхэмэ маршхэмрэ дэрэ дыкьышІэтэджащ, - жиІащ Галинэ. - Оркестрым игъэзащІэ макъамэ дахэхэм хуэзІуэщ. Апхуэдэ тыгъэ тыгъэ папщІэу кьалэ администрацэм и мылькум оркестрым хуэхъащ макъамэ Іэмэпсымэщ1эхэр кьызэращІэхун ахьшэ; «Зыщ1ыт Урысей» Урысейпсо партым и Налшык кьалэ щІыпІэ къудамэм кьыбгъэдэкІыу оркестрым щэнтхэр кьыхуищІэхуащ. Абы кьыщынэмыщІауэ ильэс куэд хьуауэ хьэлэлу зэрыладжьэм папщІэ, оркестрым и музыкант псоми ираташ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министрствэмрэ Налшык кьалэ администрацэмрэ я кьабгъэдэкІ Щ1ыхь тхьылъэр. Гупым ямыхуащІа гульытэр фІыщІэ ищу пшыхьым кьыщыпсэльащ оркестрым и художественэ унафэщІ Зишэкіуэ Хьэзрат.

Ильэс 35-рэ ирикІу духовой оркестрым хуэгъэзэа псалъэ гуапэ куэд щІыуащ а пшыхьым, ауэ ар нэхъ гукьинэжь щыІар музыкантхэм ягъэзэщІа макъамэ дахэхэмрэ абыхэм хуаІэт Іэгуаузмрэщ.

ДЗЭМЫХЬ Лиз.

●КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Хабзэм къемызэгъ фрихьэлІэмэ

КъБР-м и школхэм Зыиэ щыт къэрал экзаменхэр щат, апхуэдэуи зэрыщІэтыжьа экзаменхэр ещанІэ нэхъыщхьэхэм щатыну зэманыр кьоблагъэ. Абы ехьэлІауэ егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэм къулыкъу щызыІыгъэхэм мыльку кьыфпаубыдмэ е нэгъуэщІ егъэлеиныгъэкІэ ядэфлъагъэмэ, фыщыпсэу щІыпІэм щыІэ къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ органхэм захуэзгъазэ хьунущ: Налшык кьалэ УВД - тел. **74-07-33**; **49-41-27**; **49-44-81**.

Налшык кьалэ щыІэ УВД-м и унафэщІхэр.

Аргуэру зы яукІащ

КъБР-м и хабзэхьэмэ органхэм кьалъхьуэ Іэщ1кІэ зэщІэуэзда щІэпхъащ1эхэр. Ахэр нэхъыгъэм и 25-м сыхьэт 22-м Іыгъныбауэ кьалэм и Автогаражнэ уэрамым, АЗС №22-м деж, мэзыльэ лъэныкъэмкІэ автоматкІэ кьыщеуащ Іуащхьэмахуэ муниципальнэ кІуэм щыІэ ОВД-м и лэжьакІуэ, милицием и лейтенант нэхъыщІэ Жеттеев Азэмэт зи рулым дэс, ОВД-м связькІэ и инженер милицим и лейтенант нэхъыщІэр зэрыса ВАЗ-21093 автомашинэм. Хабзэхьэмэхэр лэжьыгъэм пэрытхъкым икІи кьызэрыгуэкІыу хуэпат, зэрысар Жеттеевым и автомашинэрт.

ИЗэгъэхэр зытелъ Жеттеев А. Іуащхьэмахуэ куейм щыІэ сымаджэщым нагъэсащ, арщхьэкІэ зыкъымыщІэжу фэбжьым илыкІащ. Адрей хабзэхьэмэм лей кьытехьакъым.

УФ-м и Прокуратурэм и Следственнэ комитету КъБР-м щыІэм, МВД-м, УФСБ-м, кинолог Іуэхущапі1эм я лэжьакІуэхэр зыхэт гупыр щІэпхъащ1агъэр кьыщхьэщІыкІыу щопІэжь.

УФ-м и Прокуратурэм и Следственнэ комитету КъБР-м щыІэм УФ-м и УК-м и 317-нэ, 222-нэ статьяхэм япкъ иткІэ, уголовнэ Іуэху кьиІэтащ.

Республикэм и хабзэхьэмэ Іэнатіэхэм, кьэхъуар зыпльэгъуэ щыІэмэ, бзаджэщхэр кьэрІуэнырэ зыпынымкІэ защІэвгъэкъуэну зыкъыфхуагъаз. Фи унэцІэр хэІуцІыІу яцІынкъым.

Телефонхэр:

КъБР-м щыІэ МВД-м и пльыр часть: **40-49-10**;

КъБР-м щыІэ МВД дзыхь зрагъэз и телефон:**49-50-62**;

КъБР-м щыІэ МВД-м Уголовнэ къэльыхъуэныгъэмкІэ и упраленэ: **47-65-82**;

УФ-м и Прокуратурэм и Следственнэ комитету КъБР-м щыІэ: **40-46-13**

КъБР-м и Хабзэхьэмэ Іэнатіэхэм зыуэ щыт я хъыбарегъащІэ Іуэхущ1анІэ.

Игъащ1эми адыгэм къыдокІуэкІ

●Псапэ

Псапэ щІэныгъэ жумартыгъэмрэ ди лъэпкъым игъащІэми кьыдекІуэкІ хабзэфІхэм ящыщщ. Зи гъэльыгъэм хьеррэ берытэтрэ кьыхьхьэнур зи мыльку кьызэхэлъ псапэ хэзыщІыкІэхэрщ. Накьыгъэм и 21-м, адыгэхэм ди Щыгъуэ махуэм, псапэ Іуэху дах зыщыщІэрагъэгъэпэщащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым кьыбгъуэрыту дахь «Фишка» шхапІэм. А махуэм абы пщыІэщу щагъэщхащ къеІуэдІа псоми.

ШХАПІЭМ и унафэщІщ бзыльхъугъэ гуапэ, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэльакіуэ Хьэхьэкіуэн Іэсият.

- Адыгэжьм ди Щыгъуэ махуэм сабийгъащхэ щІыпІэм, псапэ зыпылъ нэгъуэщІ Іуэху щхьэпэжр лэжьыным теухуауэ «Адыгэ псалъэ» газетым тета хьыбарегъащІэ щыІыгъуа: мы Іуэхур дигу къэзыгъэкІар. Здэслажьэхэр дызэгурыІуэри, а махуэм псори пщІэншэу дыпщэфІащ, шхапІэм кьыщыІыхьэхэр пасапэу дгъэшхащ, блэкІ-кьыбгъэкІыжхэри кьедгъэблэгъащ, дгъэхьэщра сэдэкъэ ерыскъыр махуэу - щІыгъуэ пэкІм хэта щІалэгъуалэ гупхэр, ныбжьыщІэ хэр, гъунэгъуу щыт Іуэхущапі1эхэм щылІа жьэхэр. Сэдэкъэр зыхуэзкІуацІалъхьэу зратахэри мащІэкъым. Абыхэм яхуэпщэфІащ, Іэнэ хуэзрахьащ шхапІэм и лэжьакІуэхэу, пщафІэхэу Дбгбатыр Зэ Тхьэмокъуэ Іюдмилэ, Бзгъэтыр Марьянэ, Гъэшей Залинэ, Старобор Еленэ сымэ.

Апхуэдэ псапащІэ Іуэху дахэ езыгъэкІуэкІа Хьэхьэкіуэн Іэсият, ар зи унафэщІ «Фишка» шхапІэм и лэжьакІуэхэм ди гуапэщ зэпыщагъэ яІэу, гукъеуэ ямылъагъуу, лъэпкъ Іуэхур псэкІэ зыхущІэрэ абы хуэщхьэпэн куэд зэфІахыу псэуну, а махуэм нэхъыжьхэм кьыхуожаІа лэхъэхуэхэр кьаІыысыну. Фи псапэр куэд ухъу!

КъАРДЭН Маринэ.

«Фишка» шхапІэм и лэжьакІуэхэр.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Жьэхі эмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ**(жэуап зыхъэ зыхьэ секретарь), **ГъущІо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, еБгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущапі1эхэм ядолажьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пщысмоХэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапі1эм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, щыщапІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынымрэ щІэ дальщ КъБР-м федералыбэ нэшт эпщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щІэныкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ягъащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыуэри елэжьахэщ: жэуап зыхьэ зыхь секретарым и кьуэдзэ **Дышэкі Соня, редактору Къанькьуэ Анфисэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2,3-нэ шІ.)*, **Пхытіыкі Юрэ** *(1,4-нэ шІ.)*, **корректорэм и Іэмэпкьыхэу Нуан Заирэ.** *Компьютеркіэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Гъукіэлі Рае, Щомахэу Маринэ,** *суэрэтыщІ* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейр сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №1674